



Michael R. Bloomberg
Mayor

**Department of
Health & Mental
Hygiene**

Thomas R. Frieden, MD, MPH
Commissioner

**Department of
Education**

Joel I. Klein
Chancellor

Chè Paran oswa Gadyen legal :

Pandan grip H1N1 (swine flu) ap vin pi popilè nan Vil Nouyòk, anpil lekòl fè konnen kantite elèv ki absan vin pi wo epi plis elèv gen sentòm ki sanble avèk grip.

Grip H1N1 lan sanble avèk grip regilye (sezonye) a anpil. Pi fò moun ki genyen l pa malad grav, epi pi fò moun ki genyen l geri poukont yo san medikaman. Men gen moun ki kapab vin malad grav si yo atrape grip la. Nan moun ki gen risk pou yo gen gwo konplikasyon ou jwenn timoun pi piti pase dezan, granmoun ki gen plis pase 65 an, fanm ansent ak moun ki gen kondisyon medikal kwonik tankou dyabèt ak opresyon. Grip poze danje espesyal tou pou moun kigen maladi kè, maladi fwa, maladi ren oubyen maladi san, ak pou moun tou ki gen pwoblèm newolojik ki ka bay pwoblèm pou yo respire byen.

Si nou gen prèv grip sa a ap pwopaje rapidman nan yon lekòl, nou ka fèmen lekòl sa a pou yon ti bout tan pou diminye posiblite pou moun ak risk yo atrape grip la. Si estaf medikal yon lekòl fè konnen lis elèv ki devlope lafyèv ansanm avèk tous ak gòj fè mal la ap vin pi plis, Depatman Sante ekzamine lekòl sa a seryezman chak jou pou wè si pwoblèm lan ap kontinye. Nou pote atansyon espesyal sou yon lekòl si kantite elèv yo voye lakay yo nan yon jounen monte nan 1% jiska 2% kantite elèv ki nan lekòl la. Lè pou nou deside pou fèmen yon lekòl, nou evalye tou sikonstans espesyal tankou si gen elèv ki gen bezwen espesyal nan lekòl la.

Oumenm ak fanmi w ka ede diminye pwopagasyon grip nan lekòl nou yo si w suiv kèk prensip byen senp.

- Suiv pitit ou a byen pou wè si l pa p devlope siy maladi grip Nenpòt timoun ki gen lafyèv ak tous oubyen gòj fè mal sipoze rete lakay yo jis apre 24 èd tan li fin geri nèt.
- Sonje pou kouvri bouch ou ak nen w lè w ap touse oubyen etènye epi lave men w souvan avèk savon ak dlo.
- Si yon timoun ki souffri avèk opresyon oubyen yon lòt kondisyon kwonik devlope sentòm tankou maladi grip, rele doktè w tousuit pou konnen si timoun lan bezwen medikaman.
- Amwenske pitit ou malad grav, tanpri *pa* mennen l nan yon lopital. Pa gen nesosite pou mennen li nan saldjans, epi sa p ap rapòte anyen pou timoun lan.

Fèy papye ki avèk lèt sa a gen enfòmasyon enpòtan pou paran. Li bay eksplikasyon sou kijan ou ka pwoteje tèt ou kont grip la, kisa pou fè si pitit ou devlope sentòm grip, ki lè pou rele yon doktè, ki lè pou mennen pitit ou nan yon lopital, epi kijan vil la deside si pou l fèmen yon lekòl ou non. Li bay enfòmasyon tou sou kòman pou boule avèk estrès sityasyon sa a koze. Pou plis enfòmasyon, ou kapab ale nan www.nyc.gov/health oubyen <http://schools.nyc.gov/>.

Avèk Senserite,